

 <p>Departamento de Extranjería y Migración Ministerio del Interior y Seguridad Pública</p>	<p align="center">DOKIMAN KE OU BEZWEN POU MANDE PÈMI TRAVAY POU ETRANJE AVÈK VISA TOURIS (PDI A)</p>	<p>Kòd:SGC-SIAC-T3 Vèsyon: 6.0 Dat: 02/12/2015 Ranplase:5.0 Paj 1 de 2</p>
----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------	--------------------------------------------------------------------------------------------------------------	--------------------------------------------------------------------------------------------

Tout etranje ki genyen kat touris yo ki poko fini, kapab mande pemy travay. Nan ka sa a, Ministe Interye kapab pèmèt ou pou travay nan Chili sèl pou 30 jou. Ou kapab pwolonje pemi sa a pou 30 jou anko.

A. DOKIMAN KE OU BEZWEN POU TRAVAY TANKOU TOURIS

1. Paspò original ak fotokopi (paj idantifikasyon an, ak paj kote yo te mete so nan paspò a lè ou te rive Chili).
2. Kat touris la, original ak fotokopi (Lè ou vin fè posesis sa a, ou dwe kite kat touris la).
3. Kontra travay, dokiman sa a dwe siyen kay notè, li dwe genyen sinyati ou ak anpwent ou epi chèf travay la tou. Oubyè ou kapab montre yo lèt ki di ki tip de aktivite ou pral fè, lèt sa a dwe siyen kay notè.

Nòt 1: Yon fwa yo akode ou pemi travay la, ou dwe peye avèk yon dokiman ke ou kapab jwenn nan "Departamento de Extranjería y Migración", ou kapab peye nan nenpòt bank. Valè pèmi travay sa a ekivalan ak 150% valè visa "sujeta a contrato" a, ou kapab wè vale a nan sit sa a: <http://bit.ly/2EFTNpq>

Nòt 2: Aplikan an kapab travay sèlman apre li genyen pemi sa a. Enfòmasyon sa a dwe konsidere nan kontra travay la oubyè let la.

B. DOKIMAN KE OU BEZWEN POU PROLONJE PÈMI DE TRAVAY TANKOU TOURIS

Anvan pemi travay ou ekspirè, ou kapab prolonje li si ou vle pou 30 jou anko. Pou fè sa, ou dwe montre dokiman sa yo:

1. Paspò original ak fotokopi (paj idantifikasyon an, ak paj jote yo te mete so nan paspò a lè out e rive nan Chili).
2. Ou dwe montre yon dokiman ki di ke ou kontinye travay avèk menm patron an, dokiman sa a bezwen siyen kay note.
3. Original pèmi travay la.

Nòt 1: Yon fwa yo akode ou pemi travay la, ou dwe peye avèk yon dokiman ke ou kapab jwenn nan "Departamento de Extranjería y Migración", ou kapab peye nan nenpòt bank. Valè pemi travay sa a ekivalan ak 150% valè visa "sujeta a contrato" a, ou kapab wè vale a nan sit sa a: <http://bit.ly/2EFTNpq>

 <p>Departamento de Extranjería y Migración Ministerio del Interior y Seguridad Pública</p>	<p>DOKIMAN KE OU BEZWEN POU MANDE PÈMI TRAVAY POU ETRANJE AVÈK VISA TOURIS (PDI A)</p>	<p>Kòd:SGC-SIAC-T3 Vèsyon: 6.0 Dat: 02/12/2015 Ranplase:5.0 Paj 1 de 2</p>
----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------	-------------------------------------------------------------------------------------------------------	--------------------------------------------------------------------------------------------

ENPÒTAN:

Aplikan an dwe fè posesis sa a, nan seksyon sèvis piblik, ki nan ri San Antonio N°580 dezyèm etaj, Santiago oubyen si wap viv deyò Santiago, ou dwe ale nan biwo gouvènman pwovensial zon ou a.

TOUT POSESIS YO GRATIS, SOF LÈ OU MANDE VISA AK TAKS KI PA GRATIS.

POU PREZANTE DOKIMAN OU YO, OU PA BEZWEN LÒT MOUN. SI LÒT MOUN PRAL FÈ YON POSESIS POU OU, FOK LI MONTRE YON MANDA SIYEN KAY NOTE.